

Nou te devlope *Ready Business* nan tèt ansanm avèk òganizasyon ki anba la yo:

9/11 Public Discourse Project, ASIS International, Business Executives for National Security, Business Roundtable, International Safety Equipment Association, International Security Management Association, National Association of Manufacturers, National Federation of Independent Business, Occupational Safety and Health Administration, Small Business Administration, Society for Human Resource Management, U.S. Chamber of Commerce.

Rekòmandasyon sa yo montre Preparasyon pou Ijans ak Estanda Kontinwite Biznis (NFPA 1600). Se National Fire Protection Association ki devlope rekòmandasyon yo, epi America National Standards Institute, 9/11 Commission ak US Department of Homeland Security ki bay sipò pou yo.

Estrikti sans komen sa a deziyen pou lanse yon pwosesis aprantisaj sou preparasyon biznis.

www.ready.gov



U.S. Department of Homeland Security
Washington, DC 20528 HAITIAN



**Tout Biznis
Ta Dwe
Genyen
Yon Plan.**



**Homeland
Security**

www.ready.gov

Preparasyon Fè Sans Bon Biznis.

Fason konpayi ou kapab retounen nan biznis byen vit apre yon atak teworis oswa yon tònad, yon dife oswa yon inondasyon souvan depannde planifikasyon ijans ou jodi a. Alòske US Department of Homeland Security ap travay di pou anpeche atak teworis, evènman regilye katastwòf natirèl yo montre kijan li enpòtan pou prepare pou nenpòt ijans. Alòske òganizasyon ou rekonèt chak sityasyon inik, li kapab pi byen prepare si li planifye avèk prekosyon, mete pwosedi ijans yo anplas, epi fè pratik pou tout kalite ijans yo.

Gid sa a prezante mezi sans komen pwopriyete ak manadjè biznis kapab pran pou kòmanse prepare. Yon angajman pou planifye jodi a ap ede sipòte anplwaye yo, kliyan yo, kominote a, ekonomi lokal la ak menm peyi a. Li pwoteje envestisman biznis ou tou, epi li bay konpayi ou yon pi bon chans pou siviv.

Tout biznis ta dwe genyen yon plan. Prepare ou kounye a.

Planifye pou Rete nan Biznis

Planifikasyon pou kontinwite biznis dwe konsidere pou katastwòf moun lakòz ak katastwòf natirèl yo. Ou ta dwe planifye davans pou jere nenpòt ijans. Prepare ou pou evalye sityasyon an, itilize bon sans ou ak resous disponib yo pou pran swen tèt ou, swen kòlèg travay ou ak redrèsman biznis ou.

Planifikasyon pou Kontinwite: Evalyasyon risk kapab yon domèn espètiz sofistike ki varye ant oto-evalyasyon ak yon etid jeni apwofondi. Bezwen òganizasyon ou pou risk ap varye selon endistri espesifik, dimansyon, posiblite, ak lokal konpayi endividyèl ou. Kòmanse revize òganigram pwosesis biznis ou, si youn egziste, pou idantifye operasyon ki enpòtan pou siviv ak redrèsman. Evalye avèk prekosyon kijan konpayi ou fonksyone andedan ak deyò pou detèmine ki anplwaye, materyèl, pwosedi ak ekipman ki nesese vrèman pou kenbe biznis lan operasyonèl. Ou ta dwe kreye pwosedi pou siksesyon direksyon an.

Ajoute kòlèg travay nan tout nivo nan planifikasyon an, ak manm aktif ekip jesyon ijans lan. Fè yon lis kliyan ki pi enpòtan yo, epitou, nan yon fason ki dinamik, planifye fason pou sèvi kliyan sa yo pandan ak apre yon katastwòf. Epitou, idantifye founisè, ekspedite, resous ak lòt biznis enpòtan ou dwe kominike avèk yo chak jou. Yon katastwòf ki fèmen biznis yon founisè enpòtan kapab lakòz dega nan biznis ou.

Planifye sa w ap fè si bilding, izin oswa magazen ou pa aksesib. Pale avèk anplwaye ou yo ak kòlèg travay ou, epitou souvan revize ak pratike sa ou genyen entansyon pou fè pandan ak apre yon ijans. Bezwen pou preparasyon ou chanje menm jan biznis ou chanje apre yon sèten tan. Revize plan ou yo epi fè mizajou ladan yo omwen chak ane, epitou bay anplwaye ou yo enfòmasyon sou chanjman yo.

Planifikasyon Ijans pou Anplwaye yo: Anplwaye yo yo ak kòlèg travay ou se aktif ki genyen plis valè pou biznis ou. Kominikasyon nan de (2) sans se yon bagay ki enpòtan anvan, pandan ak apre yon katastwòf. Ajoute enfòmasyon sou ijans nan bilten yo, sou entranèt konpayi ou, nan imèl peryodik anplwaye yo ak / oswa lòt zouti kominikasyon. Deziyen yon nimewo telefòn ki pa nan vil la kote anplwaye yo kapab kite yon mesaj "mwen oke" nan yon katastwòf. Si ou genyen anplwaye ki andikape, oswa ki genyen bezwen espesyal, mande yo ki asistans, si genyen, yo bezwen.

Pwovizyon pou Ijans: Lè w ap prepare pou yon sitiyaasyon ijans posib, li pi bon pou panse dabò sou eleman debaz ki pou ede ou siviv: dlo fre, manje, lè pwòp ak chalè. Ankouraje tout moun pou genyen yon twous pwovizyon pòtab pou ijans ki adapte pou satisfè bezwen pèsònèl yo, tankou pou yo mete medikaman enpòtan yo nan twous la. Pale avèk kòlèg travay ou sou ki pwovizyon pou ijans konpayi kapab pwokire, si genyen, epi kilès moun yo ta dwe anvizaje mete anplas. Pami twous pwovizyon pou ijans ki rekòmande, genyen: dlo, manje, alafwa yon radyo ki fonksyone ak pil ak yon radyo metewolojik NOAA ki genyen yon fonksyon alèt, pil siplemantè, yon flach, twous premye sekou, siflè, kle oswa pens pou fèmen sèvis piblik yo, mask ki gen filètè, bach plastik ak adeviv pou sizoka danje chimik vini nan van ak lenjèt imid, sache fatra ak atach plastik pou ijyèn pèsònèl.

Konsève kopi dosye enpòtan tankou plan chantye, plan bilding, kontra asirans, enfòmasyon pou kontak ak idantifikasyon anplwaye, dosye kont labank, lis kontak founisè ak ekspedite, fichye sekou enfòmasyon, dokiman enfòmasyon kontak pou ijans oswa pou kontak lapolis ak lòt dokiman enpòtan nan yon resipyan pòtab ki enpèmeyab epi ki pa flamab. Estoke yon dezyèm seri dosye yon kote ki pa nan biznis lan.

Planifikasyon pou Rete oswa pou Ale:

Selon sikonstans ou yo ak kalite katastwòf la, premye desizyon enpòtan apre yon ensidan se si pou rete anplas oswa pou deplase. Ou ta dwe konprann ak planifye pou toulède posiblite yo davans. Pou fè sa, ou ta dwe devlope plan ki klè ak byen prepare.

Nan nenpòt ijans, otorite lokal yo kapab oswa pa kapab anmezi pou bay enfòmasyon imedyatman sou sa k ap pase a ak sa ou ta dwe fè. Men, ou ta dwe gade bilten nouvel nan televizyon, oswa ou ta dwe koute radyo pou jwenn enfòmasyon oswa enstriksyon ofisyèl yo nan moman yo vin disponib.

Fè yon Plan Deplasman: Kèk katastwòf ap lakòz anplwaye yo kite espas travay la byen vit. Kapasite pou deplase travayè yo, kliyan yo ak vizitè yo avèk efikasite kapab sove lavi.

Si biznis ou fonksyone nan plis pase yon lokal, kreye pwosedi deplasman pou chak bilding endividyèl. Si konpayi ou nan yon bilding ki wo, yon pak endistriyèl, oswa menm yon ti sant komèsyal lineyèl, li enpòtan pou kouwodone ak fè pratik avèk lòt lokatè oswa lòt biznis yo pou evite konfizyon ak abouteyaj posib.

Fè yon Plan pou Pran Refij Souplas: Kapab genyen sitiyaasyon lè li pi bon pou rete kote ou ye a pou evite nenpòt ensètitid deyò a. Genyen lòt sikonstans, tankou pandan yon tònad oswa yon ensidan chimik, lè sitou fason ak kote ou pran refij la se yon zafè sivi. Ou ta dwe konprann diferans yo, epitou ou ta dwe planifye pou toulède posiblite yo.

Ale nan sit wèb www.ready.gov pou jwenn plis enfòmasyon espesifik sou sijè sa yo ak sou lè ak fason pou “bouche chanm lan” pou pwoteksyon kont kontaminasyon chimik ak etap pou fè pou pwoteksyon kont dife ak ijans medikal.

Pale Avèk moun Ou yo

Yo rekonèt lè ou bay byennèt pou kòlèg travay ou sa reprezante youn nan pi bon fason pou asire redrèsman konpayi ou. Sa vle di kominikasyon regilyèman avèk anplwaye yo anvan, pandan ak apre yon ensidan. Itilize bilten, entranèt, reyinyon anplwaye ak lòt zouti kominikasyon pou kominike plan-dijans ak pwosedi yo.

Fè Pratik Plan an avèk Kòlèg Travay yo: Fè pratik souvan sou sa ou gen entansyon fè pandan yon katastwòf. Fè semine edikasyon ak fòmasyon ki pwogram pou bay kòlèg travay yo enfòmasyon, pou idantifye bezwen yo epitou pou devlope aptitud preparasyon. Ajoute fòmasyon pou katastwòf nan pwogram oryantasyon nouvo anplwaye yo.

Ankouraje Preparasyon Fanmi ak Chak Anplwaye Apa:

Si moun yo ak fanmi yo prepare, konpayi ou ak kòlèg travay ou yo nan pi bon pozisyon nan yon sitiyaasyon ijan. Ankouraje anplwaye ou yo ak fanmi yo pou: jwenn yon twous pwovizyon pou ijans, fè yon plan-dijans pou fanmi yo, ak chèche jwenn enfòmasyon sou diferan menas ak repons ki apwopriye pou menas yo. Ale nan sit wèb www.ready.gov pou jwenn plis enfòmasyon oswa enprime ak distribiye kopi tiliv **“Preparasyon Fè Sans”** ba travayè ou yo.

Ekri yon Plan Kominikasyon pou Kriz: Detaye fason òganizasyon ou planifye pou kominike avèk anplwaye yo, otorite lokal yo, kliyan yo ak lòt moun pandan ak apre yon katastwòf. Ajoute enfòmasyon enpòtan pou anplwaye yo, manm pèsònèl direksyon, piblik jeneral la ak kliyan ou yo, epitou otorite lokal, otorite leta ak otorite federal.

Sipòte Sante Anplwaye Apre yon Katastwòf: Li posib pou anplwaye ou yo ap bezwen tan pou asire byennèt manm fanmi yo, men retounen nan travay la se yon bagay ki enpòtan pou rekiperasyon pèsònèl anplwaye moun ki fè eksperyans katastwòf. Woutin espas travay fasilite rekiperasyon lè yo ofri anplwaye yo yon opòtinite pou yo aktif ak pou yo vin gen kontak sosyal ankò. Re-kreye woutin yo, lè li posib. Ou kapab vle tou anvizaje ofri konseye pwofesyonèl yo pou ede kòlèg travay yo abòde laperèz ak enkyetid yo.

Pwoteje Investisman Ou

Anplis planifikasyon pou ijans ak kominikasyon avèk anplwaye yo, genyen etap ou kapab fè pou pwoteje konpayi ou ak pou pwoteje byen fizik ou yo.

Revize Pwoteksyon Asirans: Pwoteksyon asirans ki pa konvnan kapab lakòz gwo pèt finansye si biznis ou domaje, detwi oswa senpleman sispann fonksyone pou yon peryòd tan. Kontra asirans yo pa menm, kidonk tcheke avèk ajan oswa konpayi asirans ou sou bagay tankou pwoteksyon pou pèt fizik, pwoteksyon pou inondasyon, ak sispannasyon biznis ou. Konprann sa kontra ou garanti ak sa li pa garanti.

Prepare pou Sispannasyon Sèvis Piblik: Biznis yo souvan depannde kouran elektrik, gaz, telekominikasyon, dlo ize, ak lòt sèvis piblik. Ou ta dwe planifye davans pou sispann pwolonje pandan ak apre yon katastwòf. Pale avèk founisè sèvis yo sou altènativ posib, epitou idantifye chwa sekou tankou dèlko pòtab pou pwokire enèji pou aspè enpòtan biznis ou nan yon ijans.

Pwoteje Lokal, Bilding, ak Izin yo: Alòske pa genyen fason pou prevwa sa ki pral pase oswa sa sikonstans biznis yo pral ye, genyen fason ou kapab fè davans pou ede pwoteje byen fizik ou. Enstale ekstenktè, detektè lafimen, ak detektè nan kote ki apwopriye. Pwoteje antre ak sòti, epi planifye pou sekirite kourye. Planifye sa w ap fè si bilding, izin oswa magazen ou pa kapab itilize. Pwoteje ekipman enpòtan yo. Epitou asire sistèm Chofaj, Ayerasyon, ak È-kondisyon bilding ou fonksyone kòrèkteman ak antreteni byen. Ou ta dwe detèmine tou si ou kapab modènize sistèm

filtrasyon bilding lan kòm yon mwayen pwoteksyon kont menas byolojik ak kèk menas ki vini nan van.

Amelyore Sekirite Entènèt:

Pwoteksyon done ou yo ak sistèm teknoloji enfòmasyon kapab bezwen espètiz espesyalize, men menm pi piti biznis yo kapab pi byen prepare. Itilize lojisyèl anti-viris epi kenbe li ajou. Pa louvri imèl sous enkonni. Itilize modpas difisil pou moun sipoze. Pwoteje òdinatè ou kont entri Entènèt lè w itilize koufe (firewall). Fè fichye sekou pou done òdinatè ou epi telechaje mizajou pwoteksyon sekirite kòm ristin regilyèman. Abòne nan National Cyber Alert System of US Department of Homeland Security, www.us-cert.gov, pou resewva alèt yo gratis ak alè.

Yon investisman nan planifikasyon jodi ap non sèlman ede pwoteje investisman biznis ou ak revni ou, men tou l ap sipòte anplwaye ou yo, kliyan ou yo ak aksyonè ou yo, kominote a, ekonomi lokal la, epi menm peyi a. Prepare ou kounye a.